



Pou Piblikasyon Imedya: 12/06/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOOUVÈNÈ CUOMO ANONSE OUVÈTI EMPIRE STATE MINES LAN NAN NORTH COUNTRY

Min Zenk nan Konte St. Lawrence lan ap Kreye plis pase 200 Nouvo Djòb

Kouran idwoelektrik ak Kouran Bon Mache Otorite Enèji New York la pral Sipòte Kwasans Konpayi a ak Devlopman Ekonomik Rejyon an

Gade Videyo Min lan [Isit la](#)

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ouvèti Empire State Mines lan, ki se yon min zenk ki nan Fowler, Konte St. Lawrence. Min lan ap ofisyèlman reyouvè apre finisman investisman global 33 milyon dola Titan Mining Corporation te fè a, ki te kreye plis pase 200 djòb nan sit la, sa ki depase angajman konpayi a te pran anvè eta a. Atribisyon kat megawat kouran idwoelektrik bon mache ki soti nan Pwojè Kouran St. Lawrence-Franklin D. Roosevelt Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA) nan Massena, New York la ap sipòte Pwojè Empire State Mines lan dirèkteman.

“Kreyasyon djòb kontinye rete youn nan premye priyorite pou New York epi reyouvèti Empire State Mines lan pral ofri yon motè ekonomik pou rejyon North Country a pou anpil ane k ap vini ankò”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Kapasite pou nou atribiye kouran bon mache pou pwojè sa a te enpòtan anpil pou finisman l, epi sa te finalman ede nou pote anpil santèn opòtinite mendèv kalifye vin nan rejyon an.”

“Konsantrasyon nou mete sou kreyasyon djòb nan rejyon nò a kontinye ak reyouvèti Empire State Mines lan avèk plis pase 200 nouvo djòb”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Avèk sipò eta a, biznis sa a te rive gen aksè a kouran idwoelektrik bon mache pou yo rantabilize investisman prive epi ajoute sou estrateji devlopman ekonomik nou an ki te renouvle espwa pou kominote nan rejyon North Country a yo ak atravè eta a.”

Anplis de kouran elektrik bon mache a, NYPA te ofri tou finansman 330,000 dola nan kad pwogram 1.2 milyon dola Empire State Mines lan pou fòme jiska 60 travayè lokal kòm minè soutèren sètifye. NYPA te ofri tou yon prè 500,000 dola nan Fon Devlopman Ekonomik North Country li a (North Country Economic Development Fund) pou rekòmansman min lan, ke Otorite Devlopman North Country a (Development Authority of the North Country) administre a.

Empire State Mines fè pati distri ekstraksyon minyè ki te premye kòmanse pwodiksyon depi plis pase 100 ane deja epi li te pwodwi plis pase kat milyon tòn kontni zenk sou fòm konsantrè. 1,093 ekta min zenk lan te sispann operasyon an 2008 akòz de pri zenk yo ki te ba, men l ap rekòmanse pwodwi ankò kounye a. Premye itilizasyon zenk yo se pou galvanize asye, moulaj alyaj ak leton sou presyon pou yo itilize prensipalman nan konstriksyon, transpò, ak enfrastrikti.

Yo founi repatisyon enèji idwoelektrik NYPA a k ap soti nan santral elektrik St. Lawrence-FDR la bay fabrikan anba yon kontra pou sèt an epi yo rezève yo pou biznis ki nan konte Franklin, Jefferson ak St. Lawrence. Konsèy Administrasyon NYPA a te apwouve atribisyon idwoelektrik la pou fasilite reyouvèti min zenk lan an Desanm 2014.

Jij Eugene L. Nicandri, Vis-Prezidan Komisyon Konsèy NYPA e rezidan Massena, te di, “NYPA te trè aktif avèk prim ankourajman devlopman ekonomik yo te bay nan rejyon North Country a, sa k ap ofri konpayi ki vle envesti nan zòn lan epi kreye djòb yo sipò. Mwen fyè pou m wè finisman pwojè Empire State Mines lan epi kounye a mwen paka tann pou m wè min lan ap fonksyone epi pou plis rezidan rejyon North Country yo gen opòtinite pou travay nan min lan”.

Gil C. Quiniones, prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYPA, te deklare, “Titan Mining te pran angajman pou reyouvèti min sa ki la depi santan deja epi kouran idwoelektrik NYPA a ak finansman devlopman ekonomik lan te pèmèt pou gen yon maryaj pafè pou sa te ka fèt. Sa se yon gran viktwa pou rejyon an, k ap kreye plis pase 200 djòb, epi NYPA fyè paske nou te yon patnè nan inisyativ sa a nan chak etap yo te pran”.

Keith Boyle, ki se Chèf Eksplwatasyon Titan Mining lan, te deklare, “Nou rekonesan pou sipò nou jwenn dirèkteman nan men NYPA a ak anvè pil pati prenan nou yo nan kad rekòmansman reyisi min lan. Nou trè fyè de opòtinite sa a pou nou kreye nouvo djòb ak devlopman konpetans ki pral sèvi konpayi an ak kominote a pandan byen lontan pou jenerasyon k ap vini yo”.

Senatè Joseph Griffo te deklare, “Antanke Prezidan Kominote Enèji ak Telekomunikasyon Sena a, mwen ta renmen felisite Titan Mining Corporation ak Otorite Enèji New York la pou yon djòb byen fèt nan pwosesis pou garanti reyouvèti Empire State Mines lan. Lè yo ofri kouran bon mache ak sipò devlopman ekonomik pou pwojè sa a, ki pral kreye plis pase 200 djòb nan sit la, sa te swiv misyon santral NYPA a epi mwen trè kontan pou m wè min zenk ki la depi santan deja retounen ap fonksyone ankò”.

Senatè Patty Ritchie te deklare, “Reyouvèti min Zenk Empire State la deja gen yon trè gran efè sou ekonomi lokal nan rejyon North Country a ak sou moun isit la yo ki t ap chache jan de opòtinite anplwa sa a. Mwen te kontan anpil pou m defann yon pwogram fòmasyon espesyalize nan min lan espesifikman pou moun nan North Country yo. Mwen te resaman vizite min lan, mwen te fyè pou m wè efò sa yo te rantab, paske 70 pousan anplwaye li yo soti nan rejyon nou an. Gras a moun k ap travay di sa yo, ak lidèchip Titan an, mwen kontan min lan pral kontinye devlope ak reyisi pou anpil ane k ap vini ankò”.

Manm Asanble Addie Jenne te di, “Rekòmansman operasyon nan min sa a se yon bòn nouvèl pou rejyon North Country a. Atribisyon kouran ak lòt resous finansyè yo pral ranfòse ekonomi rejyonal la atravè efè dirèk djòb yo ak avantaj inatandi yo ap genyen. Itilizasyon sa a k ap fèt ak resous natirèl inik nou yo pou amelyore lavi fanmi yo fè sans. Nou konnen resous yo la epi mendèv lokal nou an ka fè travay la. Mwen kontan paske NYPA ak Gouvènè a ap sipòte efò sa a pou sipòte djòb ki fè sans pou rejyon nou an yo”.

Manm Asanble Ken Blankenbush te di, “Pòs travay sa yo ki gen nan min zenk lan se jan de djòb gratifyan, byen peye nou ka kreye lè nou fè envestisman entèlijan nan devlopman mendèv efikas ak enèji abòdab. Atribisyon kouran bon mache NYPA a te enstrimantal pou finisman pwojè sa a. Mwen vle remèsye Titan Mining Corporation pou angajman yo pran anvè Pwojè Empire State Mines lan. Sa se yon trè gran vitwa pou ekonomi rejyon North Country a”.

Patrick J. Kelly, ki se Prezidan Konsèy Alokasyon Benefis yo Kolekte Apati Elektrisite Rejyon Nò New York la (Northern New York Power Proceeds Allocation Board) ak Direktè Egzekitif Jeneral Ajans Devlopman Endistriyèl Konte St. Lawrence lan (St. Lawrence County Industrial Development Agency), te di. “Avèk èd Gouvènè a ak NYPA nou ap pwofite de yon resous, ki se atou idwoelektrik nou yo, pou nou sipòte ak devlope yon lòt resous, ki se mendèv nou an. Kòm konsekans, Empire State Mines, LLC ap kreye yon bann kantite djòb epi pote efè ekonomik pozitif konsiderab pou rejyon an. Nou remèsye patnè nou yo ki onivo eta a epi nou di Empire State Mines byenveni nan Konte a”.

James W. Wright, ki se Direktè Egzekitif Otorite Devlopman an te deklare, “Otorite Devlopman North Country a fyè pou l sèvi kòm ajan jesyonè pou fon prè Devlopman Ekonomik pou North Country Otorite Enèji New York la. Antanke reprezantan prè fon an yo, nou trè kontan pou nou ede nan kad finansman ki enpòtan pou reyouvèti min lan ak reyenvestisman konsiderab sa a k ap fèt nan resous natirèl rejyon an yo”.

Prezidan Lejislati Konte St. Lawrence lan, Kevin Acres te deklare, “Sa a se yon trè bòn nouvèl pou North Country. Pwojè sa a te kreye djòb yo byen bezwen pou kominote nou yo epi yo pral ofri yon ekspansyon ekonomik pou konte a”.

Sipèvizè Vil Gouverneur la, David Spilman te deklare, “Reyouvèti min zenk lan ak adisyon 200 djòb ki byen peye yo gen yon avantaj ekonomik enòm pou kominote nou an. Mwen apresye efò Gouvènè a, NYPA ak Konte St. Lawrence lan te fè atravè òf resous yo te bay pou fasilite reyouvèti min lan”.

Majistra Gouverneur la, Ron McDougall te deklare, “Li fòmèdab pou m wè yo resisite min lan ak operasyon li yo. Mwen vle remèsye sila yo ki te travay pou yo rann pwojè sa vin yon reyalyte. Se yon egzanp briyan ki montre kijan New York ap travay pou l maksimize resous natirèl li yo pou ede pwomouvwa devlopman ekonomik nan eta a”.

Gen plis pase 235 Megawat kouran idwoelektrik bon mache NYPA a ki toujou disponib pou atribisyon bay biznis k ap chache kreye djòb ak investi nan rejyon North Country a atravè [pwogram](#) Prezèvasyon Kouran NYPA a (NYPA's Preservation Power). Biznis ki

entèrese k ap chache pou yo aplike yo ka kontakte NYPA nan Hydro.Programs@nypa.gov.

Enfòmasyon sou NYPA

NYPA, ki se pi gwo òganizasyon elektrik piblik eta a ki nan nasyon an, ap jere 16 etablisman ki ap jenere elektrisite ak plis pase 2,253 kilomèt sikwi liy transmisyon yo. Plis pase 70 pousan nan elektrisite NYPA pwodwi a se enèji idwo-elektrik renouvlab ki pwòp. NYPA pa itilize lajan taks oswa kredi eta. Li finanse operasyon li yo grasa lavant obligasyon ak revni li resevwa an gran pati atravè lavant elektrisite. Pou w jwenn plis enfòmasyon vizite www.nypa.gov Renmen nou sou [Twitter](#) @NYPAenergy, [Facebook](#), [Instagram](#), [Tumblr](#) ak [LinkedIn](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)